

Yon prensip pwodikтивite Responsabilite



“Yon moun onèt se tankou yon jounen frechè nan mitan sezon chalè.” Pwovèb 25:13

By John E. Schrock

Souliyen konsèp kle w jwenn nan prensip sa a.

Yon anlwaye onèt se yon moun responsab. Responsab vle di rann kont oubyen serye. Se pa etonan Salomon te di kalite moun sa yo “se tankou yon jounen frechè nan mitan sezon chalè.” Yon moun responsab se yon moun ou kapab fè konfyans. Jandemoun sa yo difisil pou jwenn, men lè nou jwenn yo nou va remake yo genyen yon motivasyon ki pa menm ak moun òdinè. Yo genyen de faktè ki motive yo ki sòti nan karaktè yo, ki rann yo responsab.

Premye motivatè a se “san moun nan pa genyen responsabilite.” Sa mande moun ki gen gwo kalite pou yo motive san yo pa genyen ankenn responsabilite. Paske yo vle yo fè yo konfyans, yo dispoze pou yo demonstre valè yo, epi yo va kanpe tankou potomitan lè genyen pwoblèm. Anpil fwa moun sa yo pa resevwa anken avantaj nan bagay la e sa kapab menm mete repitasyon yo andanje. Moun sa yo se sèten etik ak prensip y ap defann ki va dirije yo, olye se pèt oswa yon mank avantaj pèsònèl. Sa se yon motivasyon pi. Paegzanp, jete pitit se yon pwoblèm ki gendwa pa afekte nou ousinon fanmi nou, men nou kapab batay kont sa epi nou gendwa dispoze riske zanmitay oswa repitasyon nou san nou pa genyen ankenn avantaj pèsònèl. Sa fè pati etik karaktè nou e sa vle di nou se moun ki fonksyone ak prensip. Endividi sa yo fiks—yo viv selon yon konstitisyon ki solid. Nou rele yo “gason ak fanm vanyan,” sa ki vle di moun ki genyen valè. Nou kapab mete yo nenpòt kote, nan biznis nou oswa nan politik. Yo responsab epi nou kapab fè yo konfyans e yo dispoze riske repitasyon yo. Yo fyè dèske yo solid epi sa pa di yo anyen si yo pa menmjan ak toutmoun.

Yo genyen yon natipwofèt ki genyen je yo fikse sou kimoun yo ye epi misyon yo genyen. Y ap viv nan yon monn kote yo sèvi lèzòt ak onètete epi yo ap bati non yo ak eritaj yo.

Dezyèm motivatè a se “santiman reyisit.” Sa se yon gwo kalite motivasyon tou, epi ankò pa genyen ankenn avantaj espesyal moun sa yo jwenn. Paegzanp, yon moun ki se yon miltimilyonè epi ki genyen toutsa li ta kapab janm bezwen gendwa ale lapèch oswa vwayaje pandan tout rèsvi li. Okontrè, li kontinye ap fè biznis epi travay toulejou—li kapab menm pran chans nan lòt bagay epi kontinye konsa. Gen demoun ki va di li akrèk. Sa kapab vre, men li posib li jis renmen responsab ak santi li ap reyalize yon bagay. Moun sa a kapab fè bagay lòt moun di ki pa posib, senpleman pou satisfaksyon yo jwenn lè yo reyalize li.

Responsab se plis pase pran yon angajman. Se yon veritab apèl oswa yon kwayans ki baze sou valè ki nan moun nan depi li fèt. Se yon dezi ousinon yon fòs enteryè ki rann yo responsab devan pwòp tèt yo. Yo fè bagay yo jis pou yo fè yo oswa pou plezi wè yo reyalize. Sa rann yo veritab sèvitè.

Jezi se te yon veritab sèvitè. Li pa t jwenn ankenn avantaj pou tèt Li. Li te pèdi repitasyon li pou li te bati non Li. Li te aksepte yo imilye l epi rejte l pou Li te kapab genyen konfyans nou. Li te vreman epi senpleman motive depi andedan kè Li. Li te wè kisa nou te ye, epi li te pran responsabilite pou li asire nou jwenn opòtinite pou nou te vini sa nou te kapab. Sa te koute l yon bagay, men kounye an li te merite pi gwo non nan listwa lèzòm, epi tou nan lemonn ki genyen pou li vini. Li te vreman motive andedan fon kè Li. Bondye papa Li te voye Li nan yon misyon paske Li te konnen Li responsab epi Li te kapab fè Li konfyans. Li te epi li toujou tankou yon jounen frechè nan mitan sezon chalè. Nou menm tou, yo va chwazi nou epi yo va voye nou nan yon misyon kote nou va responsab.

Prensip sa a se yon pati pwogram yon lane devlopman karaktè:

Fondasyon pou Sikse.

Panse pou medite:

Moun ki fè yon diferans se pa moun ki genyen diplòm, men se moun ki responsab.

Evalye tèt ou de 1 a 10	1	2	3	4	5	6	7	8	9	10
Poukisa w bay tèt ou nòt sa a?										
Ki avantaj ou kapab jwenn lè w ogmante nòt ou?										
Ki aksyon espesifik ou kapab fè pou verifiye avantaj prensip sa a?										
Lis verifikasyon lekti w fè toulejou sou prensip sa a.	M	T	W	T	F	S	S			

Komplete

Pa komplete